




Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik pou Klas 3 Ane

Adisyon a Twa-chif, Soustrasyon ak Valè Plas


Chè Fanmi,

Nou ap kòmanse yon nouvo inite etid yo rele Adisyon a Twa-Chif, Soustrasyon ak Valè Plas. Nan inite etid sa, elèv pral kontinye aprann sou konesans yo te genyen avan sou fòm tab 10 pou ede yo fè konbinezon ki rive nan 100. Elèv pral montre konpreyansyon sou valè plas pandan y ap rezoud pwoblèm adisyon ak soustrasyon a de-ak twa-chif jiska 1000. Objektif enstriktif espesifik elèv ou pral travay sou li a nan lis anba avèk ekzanp travay elèv ki montre konpreyansyon sou chak objektif enstriktif.

Objektif Enstriktif: Rezoud pwoblèm adisyon ak soustrasyon a twa-chif, itilize divès estrateji, epi eseye eksplike estrateji ki itilize a.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
$\begin{array}{r} 286 \\ + 138 \\ \hline \end{array}$	<p><u>separe nonb; itilize valè plas</u></p> $\begin{array}{r} 286 \\ + 138 \\ \hline 300 \\ + 110 \\ + 14 \\ \hline 424 \end{array}$ <p>paske lè mwen adisyone santèn yo: $200 + 100 = 300$ paske lè mwen adisyone dizèn yo: $80 + 30 = 110$ paske lè mwen adisyone inite yo: $6 + 8 = 14$ piske $300 + 110 + 14 = 424$</p>
<p>koulèv lakansyèl ki nan Nature Center a se 53 pous an longè. Boa konstriktè a se 84 pous an longè. Konbyen pous anplis boa konstriktè a genyen?</p>	<p><u>Add up</u></p>  <p>"Mwen plase toulède nonb yo sou liy chif la pou jwenn diferans de nonb yo. mwen te kòmanse ak 53 epi mwen konte jiskaske mwen te jwenn 84. $7 + 20 + 4 = 31$"</p> <p><u>Subtract back</u></p>  <p>"Mwen te kòmanse ak 84 epi soustrè jiskaske m rive nan 53. Answit mwen te adisyone tout travay mwen te fè nan mitan yo pou jwenn diferans 31."</p> <p><u>Just subtract</u></p>  <p>"Mwen te kòmanse nan 84 epi soustrè 53 nan dizèn e answit ak 10 inite. Mwen te ateri sou 31."</p> <p>Boa konstriktè a genyen 31 pous anplis koulèv lakansyèl la.</p>

Objektif Enstriktif: Itilize konpreyansyon valè plas pou awondi nonb pi prè dizèn oswa santèn.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Estime nonb santèn yo nan sòm sayo.</p> <p>$281 + 148 =$ _____ santèn</p>	<p>$281 + 148 =$ _____ hundreds</p> <p style="text-align: center;">↓ ↓</p> <p>$300 + 100 =$ about 4 hundreds</p> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: fit-content; margin: 10px auto;"> <p><i>"Santèn ki pi prè 281 an se 300. Santèn ki pi prè 148 se 100. 300 ak 100 adisyone ansanm bay 400."</i></p> </div> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: fit-content; margin: 10px auto;"> <p><i>"Mwen te trase figi pou reprezante toulède nimewo yo. Mwen wè 3 santèn, men 8 dizèn yo ak 4 inite yo pral fè yon lòt san. Gen 4 san ak rè."</i></p> </div> 

Panse Matematik ak Pratik sou Objektif Enstriktif: Pèsevere pou konprann pwoblèm epi rezoud yo, itilize milti estrateji.



Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte elèv ou nan tout inite etid sa:

Fè kat pou tab adisyon ke elèv ou kapab pratike chak jou. Fè l eksplike w panse li. Ekzanp: *"7+ 8 = 15 paske m konnen 7 + 7 = 14, ak 7 + 8 se youn anplis."*

Pratike estrateji adisyon pandan w ap achte. Lè w ap achte yon bagay, mande elèv ou pou estime konbyen de nan yo te kapab koute. Konte pri ekzat detwa bagay nan pwovizyon an.

Kolekte 1,000 ti bagay (ti wòch, agraf papyè, monnen, manch sirèt glase, elatriye) ansanm pou wè kisa 1,000 bagay sanble. Fè Gwoup ak 100 pou kontwole.